

<b>abiotic factors</b>	<b>faktè abyotik</b>	pati ki pa gen lavi nan anviwònman yon òganis.
<b>acceleration</b>	<b>akselerasyon</b>	To ki endike chanjman vitès yon objè.
<b>acid</b>	<b>asid</b>	nenpòt sibstans ki fòme iyon idwojèn nan dlo epi ki gen yon pH (potansyèl idwojèn) pi piti pase 7.
<b>actin</b>	<b>aktin</b>	pwoteyin estriktirèl nan selil miskilè ki fòme filaman fen myofibril yo; li fonksyone nan kontraksyon miskilè yo.
<b>activation energy</b>	<b>enèji aktivasyon</b>	Pi piti kantite enèji ki nesesè pou patikil k ap reyaji yo pou yo ka fòme konplèks aktive a epi pou fasilite yon reyaksyon.
<b>active transport</b>	<b>transpò aktif</b>	pwosesis depans enèji kote selil yo transpòte sibstans toupatou nan manbràn selilè a kont yon gradyan konsantrasyon.
<b>adaptation</b>	<b>adaptasyon</b>	evolisyon yon estrikti, yon konpòtman oswa yon pwosesis entèn ki pèmèt yon òganis reyaji nan faktè anviwònman yo epitou ki pèmèt òganis la viv pou pwodui pwojeniti.
<b>adaptive radiation</b>	<b>radasyon adaptatif</b>	evolisyon divèjan kote espès ansestral yo evolye nan yon seri espès pou adapte avèk kantite abita divès yo.
<b>ADP (adenosine diphosphate)</b>	<b>ADP (adenozin difosfat)</b>	molekil ki fòme lè yon gwoup fosfat kase pou ATP (adenozin trifosfat); sa pèmèt degajman enèji ki itilize pou reyaksyon byolojik.
<b>adrenal glands</b>	<b>glann sirenal</b>	pè glann ki lokalize anwo ren ki sekrete òmòn, tankou adrenalin, ki prepare kò a pou sitiyasyon estrès.
<b>aerobic</b>	<b>ayewobik</b>	reyaksyon chimik ki egzije prezans oksijèn.
<b>aggregate</b>	<b>agrega</b>	Melanj akimilasyon natirèl sab, gravye ak wòch kraze ki nan plenn inondab, van alivyal oswa depo glas.
<b>air mass</b>	<b>mas lè</b>	Gwo etandi lè ki pran karakteristik espas li fòme; deskripsyon li asosye avèk estabilite li, tanperati li ak imidite li.
<b>albedo</b>	<b>albedo</b>	Kantite limyè solèy ki reflete nan sifas yon planèt oswa yon satelit, tankou Lalin nan.
<b>algae</b>	<b>alg</b>	pwotis ki fotosentetik, tankou plant epi ki ototwòf.
<b>alkali metals</b>	<b>metal alkalen</b>	Gwoup eleman 1A elements, sof pou idwojèn, ki sou kote gòch tablo peryodik modèn nan.
<b>alkaline earth metals</b>	<b>metal alkaline-tere</b>	Gwoup eleman 2A ki nan tablo peryodik modèn nan.

<b>allele</b>	<b>alèl</b>	lòt fòm yon jèn pou chak varyasyon karakteristik yon òganis.
<b>allotropes</b>	<b>alotwopi</b>	Fòm yon eleman ki gen diferan estrikti ak pwopriyete lè yo nan menm eta—solid, likid oswa gaze.
<b>alloy</b>	<b>alyaj</b>	Yon melanj eleman ki gen pwopriyete metalik.
<b>alpha particle</b>	<b>patikil alfa</b>	Yon patikil ki konpoze avèk (2) pwoton ak de (2) netwon epi ki emèt nan dezintegrasyon radyo-aktif.
<b>alveoli</b>	<b>alveyòl</b>	sak nan poumon kote oksijèn nan gaye nan san an epi dyoksid kabòn gaye nan lè a.
<b>amino acid</b>	<b>asid amine</b>	Yon molekil òganik ki gen alafwa yon gwoup amine ( $\text{—NH}_2$ ) ak yon gwoup kaboksilik ( $\text{—COOH}$ ).
<b>amniotic egg</b>	<b>ze amnyotik</b>	gwo adaptasyon nan zannimo k ap viv sou tè; sak amnyotik la antoure yon anbriyon epi li bay nitrisyon ak pwoteksyon apati anviwònman eksteryè a.
<b>amorphous solid</b>	<b>solid amòf</b>	Yon solid kote patikil yo pa ranje nan yon modèl regilye ak repete ki fòme souvan lè sibstans ki fonn yo refwadi twò vit pou fòme kristal.
<b>amplitude</b>	<b>anplitid</b>	Wotè yon onn ant orijin nan ak yon krèt, oswa ant orijin nan ak yon kre.
<b>anaerobic</b>	<b>anayewobi</b>	reyaksyon chimik ki pa egzije prezans oksijèn.
<b>analog forecast</b>	<b>meteyo analòg</b>	Previzyon metewolojik ki konpare modèl tan ki gen kounye a ak modèl tan ki te genyen nan tan pase.
<b>analogous structures</b>	<b>estrikti analòg</b>	estrikti ki pa gen yon orijin evolisyonis komen, men yo sanblab nan fonksyon yo.
<b>anaphase</b>	<b>anafaz</b>	twazyèm etap mitoz kote sentwomè yo divize epi mikwotibil yo separe pè kwomatid ki gen nan chak kwomozòm yo.
<b>anion</b>	<b>anyon</b>	Yon iyon ki gen chaj negatif.
<b>annual</b>	<b>plant anyèl</b>	antofit ki viv pandan yon ane oswa mwens.
<b>anode</b>	<b>anòd</b>	Nan yon selil elektwochimik, se elektwòd kote gen oksidasyon.
<b>anterior</b>	<b>anteryè</b>	pwent tèt zannimo bilateral kote ògàn sans yo lokalize souvan.
<b>anthropoids</b>	<b>antwopoyid</b>	primat ki tankou imen
<b>antibodies</b>	<b>antikò</b>	se pwoteyin ki pwodui nan plasma sangen an akòz antijèn ki reyaji youn ak lòt epi ki netralize lòt antijèn.

<b>antigens</b>	<b>antijèn</b>	sibstans etranje ki eksite yon imino-reyaksyon nan kò a.
<b>aorta</b>	<b>awòt</b>	pi gwo veso sangen ki nan kò a; li mennen san ki gen anpil oksijèn ant vantrikil goch kè a ak atè yo.
<b>aphelion</b>	<b>afeli</b>	Pwen nan òbit yon planèt ki endike kote planèt la pi lwen avèk solèy la.
<b>aphotic zone</b>	<b>zòn afotik</b>	dlo fon ki pa janm jwenn limyè solèy.
<b>appendicular skeleton</b>	<b>eskelèt apendikilè</b>	youn nan de pati prensipal eskelèt imen, avèk tou zo bra yo ak zo janm yo ak estrikti ki asosye, tankou zo zepòl yo ak zo hanch yo.
<b>aqueous solution</b>	<b>solisyon akez</b>	Yon solisyon kote sòlvan an se dlo.
<b>aquifer</b>	<b>akwifè</b>	Kouch wòch pèmeyab kote nap freyatik la koule san pwoblèm.
<b>archaeobacteria</b>	<b>akeyobakteri</b>	pwokaryòt chimyosentetik k ap viv nan anviwònman difisil.
<b>armature</b>	<b>amati</b>	Bobin yon motè elektrik ki fòme avèk plizyè sikui fèmèn ki monte sou yon esye oswa aks.
<b>artery</b>	<b>atè</b>	gwo veso miskilè ki gen pawa epè ki deplase san ki nan kò a.
<b>artesian well</b>	<b>pui atezyen</b>	Fontèn dlo ki jayi anwo tè lè yon pui fouye yon kouch akwifè fon ak izole ki gen dlo sou presyon.
<b>artificial selection</b>	<b>seleksyon atifisyèl</b>	pwosesis repwodiksyon òganis ki gen karakteristik espesifik pou pwodui pwojeniti ki gen menm karakteristik idantik.
<b>asexual reproduction</b>	<b>repwodiksyon aseksyèl</b>	kalite repwodiksyon kote yon paran pwodui youn oswa plis pwojeniti idantik san fizyon gamèt yo.
<b>asteroid</b>	<b>astewoyid</b>	rès wòch premye sistèm solèy la yo jwenn pi souvan ant òbit Mas ak Jipitè nan senti astewoyid la.
<b>asthenosphere</b>	<b>astenosfè</b>	Kouch flotan tankou plastik, ki fonn enpe epi ki lokalize anba pati solid manto tè a.
<b>atom</b>	<b>atòm</b>	Pi piti patikil yon eleman; li gen tout karakteristik eleman an; se eleman debaz matyè; li fòme avèk pwoton, netwon ak elektwon.
<b>atomic mass</b>	<b>mas atomik</b>	Mwayèn pondere mas izotòp eleman sa a.
<b>atomic number</b>	<b>nonm atomik</b>	Kantite pwoton ki nan yon nwayo atòm.
<b>atomic orbital</b>	<b>òbit atomik</b>	Yon rejyon a twa dimansyon ki ozalantou nwayo yon atòm ki dekri pozisyon posib yon elektwon.

<b>ATP</b>	<b>ATP</b>	Adenozin trifosfat—yon nikleyotid ki fonksyone tankou yon molekil inivèsèl estokaj enèji nan selil vivan yo.
<b>atria</b>	<b>orifis orikilo-vantrikilè</b>	de (2) kavite siperyè kè mamifè kote san antre.
<b>australopithecine</b>	<b>ostralo-pitèk</b>	premye ominide afriken, tèm jenetik Australopithecus (senj ostralyen),ki gen alafwa karakteristik senj ak moun.
<b>autonomic nervous system (ANS)</b>	<b>sistèm nève otonòm (SNA)</b>	nan imen, se pòsyon sistèm nève periferik ki mennen mouvman ant sistèm nève santral la ak ògàn entèn yo; li pwodui repons envolontè.
<b>autosomes</b>	<b>otozòm</b>	pè kwomozòm omològ ki annamoni nan selil somatik yo.
<b>autotrophs</b>	<b>ototwòf</b>	òganis ki itilize enèji solèy oswa enèji ki estoke nan konpoze chimik pou fè pwòp eleman nitritif yo.
<b>autumnal equinox</b>	<b>ekinòks otòn</b>	Fèt lè solèy la dirèkteman anwo ekwatè a epi sa lakòz lajounen ak lannwit gen menm dire alafwa pou emisfè nò ak emisfè sid.
<b>Avogadro's number</b>	<b>nonm Avogadwo</b>	Se nonm $6.022 \times 10^{23}$ , ki se kantite patikil reprezantatif nan yon mol.
<b>axial skeleton</b>	<b>eskelèt aksyal</b>	youn nan de (2) pati prensipal eskelèt imen, avèk tou kràn nan ak zo ki sipòte li, tankou kolòn vètebral la, kòt yo ak estènòm nan.
<b>axon</b>	<b>aksòn</b>	yon pwolonjman sitoplasmik senp yon newon; li deplase mouvman ki soti nan yon selil nève.